

# Kesyonè nan Kòmansman Ane a pou Fanmi yo



Chè Fanmi:

Nou remèsye w paske w pran tan w pou ranpli fòm sa. Enfòmasyon ke w ban nou yo pral ede nou bay ni oumenm ni pitit ou pi bon sèvis. Ou lib pou w sote nenpòt kesyon ou malalèz pou w reponn, men tanpri sonje ke enfòmasyon ou ban nou yo ap rete konfidansyèl. N ap pataje enfòmasyon yo sèlman ak pwofesè klas pitit ou a ak lòt manm pèsònèl lekòl la ki konsène yo pou nou kapab amelyore eksperyans aprantisaj pitit ou a ak eksperyans ou antanke patisipan nan edikasyon pitit ou. Nou espere kontinye kolabore avèk ou pandan tout ane a, e nou ankouraje w kontakte nou lè w gen nenpòt kòmantè, kesyon oswa enkyetid.

## 1<sup>ye</sup> PATI: KONSÈNAN PITIT OU A

1. Ki prenon pitit ou a?
2. Ki siyati pitit ou a?
3. Kijan pitit ou a prefere yo rele li?
4. Kisa ki kèk nan bagay ou pi pito sou pitit ou a?
  - 
  - 
  -
5. Kisa kèk nan pwen fò pitit ou ye oswa bagay li prefere fè (Pa egzanp: fè desen, li istwa, fè jwèt pretann, jwe deyò)?
6. Èske pitit ou a gen yon jwèt prefere oswa yon nounous prefere?
7. Èske pitit ou gen yon bagay li pa renmen nou ta dwe konnen (Pa egzanp: fè kabicha, manje espesifik)?
8. Tanpri dekri nenpòt pwoblèm fizik, emosyonèl, konpòtmantal oswa aprantisaj pitit ou ka genyen ke w panse nou ta dwe konnen pou nou kapab sipòte li pandan tout ane a:
9. Nan ki lang pitit ou pi alèz pou l kominike?



10. Èske pitit ou a pral bezwen èd pou kèk nan sa yo ki anba a? Tcheke tout sa ki aplike yo.

- Ale nan twalèt  Abiye
- Kabicha  Manje

Tanpri eksplike repons ou yo nan espas ki anba a:

11. Èske pitit ou alèji ak kèk bagay ke nou ta dwe okouran (tankou alèji ak kèk manje)?

Tcheke "Wi" oswa "Non."

- Non
- Wi

Si se "Wi", tanpri eksplike:

12. Èske pitit ou a soufri kèk pwoblèm medikal ke nou ta dwe okouran? Tcheke "Wi" oswa "Non."

- Non
- Wi

Si se "Wi", tanpri eksplike:

13. Èske konsiltasyon doktè janm revele pitit ou gen opresyon oswa èske li te janm itilize yon nebilizatè? Tcheke "Wi" oswa "Non."

- Non
- Wi

Si se "Wi", tanpri eksplike:

14. Èske pitit ou ap pran medikaman kounye a? Tcheke "Wi" oswa "Non."

- Non
- Wi

Si se "Wi", tanpri eksplike:

15. Èske oparavan pitit ou te ale nan nenpòt milye gadri ofisyèl? Tcheke "Wi" oswa "Non."

- Non
- Wi

Si se "Wi", tanpri eksplike:



16. Kòman w antisipe pitit ou a pral jere tranzisyon l pou l antre nan prematènèl? Tcheke tout sa ki aplike yo.

- Pitit mwen an kontan pou l antre nan prematènèl?
- Pitit mwen an gen difikilte pou l di "babay."
- Se premye fwa pitit mwen an ap deyò lakay li pandan yon long jounen.
- Tranzisyon sa a pral difisil pou pitit mwen an.

Tanpri pa jennen eksplike repons ou yo nan espas ki anba a:

17. Tanpri rakonte nou nenpòt bagay anplis de pitit ou a ki pral pèmèt nou byen pran swen li:

**2Yèm PATI: Konsènan Oumenm ak Fanmi Pitit Ou a:**

18. Nan espas ki anba a, tanpri bay prenon:, siyati:, nimewo telefòn ak adrès imèl paran oswa gadyen legal pitit ou a (**mete enfòmasyon pa w tou**):

Prenon : \_\_\_\_\_ Siyati : \_\_\_\_\_

Relasyon l ak Pitit la: \_\_\_\_\_ Ap viv ak Pitit la? (tcheke youn)  Wi  Non

Nimewo Telefòn: (\_\_\_\_) - (\_\_\_\_) - (\_\_\_\_) Adrès imèl:

\_\_\_\_\_

Prenon : \_\_\_\_\_ Siyati : \_\_\_\_\_

Relasyon l ak Pitit la: \_\_\_\_\_ Ap viv ak Pitit la? (tcheke youn)  Wi  Non

Nimewo Telefòn: (\_\_\_\_) - (\_\_\_\_) - (\_\_\_\_) Adrès imèl:

\_\_\_\_\_

19. Si nou bezwen kontakte w, pa ki mwayen ou pito nou kontakte w? Tcheke tout sa ki aplike yo.

- Telefòn
- Mesaj Tèks
- Imèl
- Voye lèt lakay ou

20. A kilè nan jounen an ou ta pito lokal nou an kontakte w? Tcheke tout sa ki aplike yo.



- Maten (Presize lè yo: \_\_\_\_\_)
- Aprèmidi (Presize lè yo: \_\_\_\_\_)
- Aswè (Presize lè yo: \_\_\_\_\_)

21. Èske gen jou byen presi nan semèn nan oswa lè pandan jounen an ke ou disponib pou w patisipe nan aktivite klas yo? Tcheke tout sa ki aplike yo.

- Lendi (Presize lè yo: \_\_\_\_\_)
- Madi (Presize lè yo: \_\_\_\_\_)
- Mèkredi (Presize lè yo: \_\_\_\_\_)
- Jedi (Presize lè yo: \_\_\_\_\_)
- Vandredi (Presize lè yo: \_\_\_\_\_)
- Samdi (Presize lè yo: \_\_\_\_\_)
- Dimanch (Presize lè yo: \_\_\_\_\_)

22. Ki lang yo pale lakay ou?

23. Nan ki lang ou ta renmen resevwa korespondans ekri ki soti nan lokal nou an?

24. Nan ki lang ou ta renmen nou pale avèk ou?

25. Èske pitit ou gen frè oswa sè? Ki non yo ak ki laj yo?

26. Kisa w panse ki pi enpòtan pou pitit ou a aprann nan prematènèl ane sa?

27. Ki espwa ak dezi ou genyen ni pou ane lekòl sa a ni nan lavi pitit ou a?



28. Ki konesans, tradisyon, koutim oswa objè atistik ou ta vle pataje avèk klas nou an ane sa?

Repons yo pral pèmèt nou planifye kijan de evènman pou nou òganize pou fanmi yo pandan ane a?

- Talan Atistik/Mizikal
- Istwa sou istorik fanmi ou
- Objè prefere fanmi an ak istwa li
- Manje ak resèt
- Jwèt prefere
- Chante
- Foto, enfòmasyon, oswa objè kiltirèl ki soti nan peyi dorijin fanmi w
- Enfòmasyon sou travay ou
- Istwa oswa foto yon avanti fanmi an
- Blag nan lang matènèl ou
- Lòt (tanpri dekri li nan espas ki anba a):

29. Èske gen jou fèt oswa tradisyon ki enpòtan pou fanmi ou? (tcheke youn)  Wi  Non

Si se wi, kilès ladan yo?

30. Èske gen yon lòt bagay anplis sou fanmi ou oswa sou pitit ou a ou panse nou ta dwe konnen pou nou kapab ba w pi bon sèvis?

Mèsi paske w te ede nou aprann konnen fanmi ou!

